

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Nulis téh mangrupa sarana komunikasi anu teu langsung. Ku kituna, kaparigelan nulis mutlak dibutuhkeun di jaman kiwari utamana dina kahirupan sapopoé. Sok sanajan hiji jalma teu parigel nyarita, komunikasi téh tetep bisa lumangsung lancar kalawan ngaliwatan médium basa tulis. Nulis mangrupa salasahiji aspék tina opat kaparigelan basa. Ari kaparigelan basa téh ngawengku kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Éta opat kaparigelan basa téh mangrupa hiji beungkeutan anu gembeng, nu silih deudeul tur silih lengkepan.

Dina dunya atikan nulis téh penting pisan lantaran bisa ngalancarkeun prosés mikir siswa. Ku kituna, bisa disebutkeun yén diajar nulis téh taya lian nyaéta diajar mikir ngagunakeun cara anu tangtu. Kegiatan nulis ogé bisa ngarojong kana kamekaran inteléktualitas siswa jeung ngahudang kréatifitas siswa.

Kaparigelan nulis téh mangrupa kaparigelan anu panghéséna diantara kaparigelan séjénna nyaéta ngaregepkeun, nyarita, jeung maca. Éta hal téh dilantarankeun dina nulis mah mikabutuh kamampuh nangtukeun ide atawa gagasan anu bakal museurkeun tujuan panulis dina eusi karangan. Ide atawa gagasan téh kudu aya saméméh nulis sangkan tulisan téh puguh alurna, sarta dina nulis mah kudu miboga pangaweruh kandaga kecap anu euyeub, sangkan tulisan téh mundel.

Sababaraha masalah anu sok karandapan ku siswa dina nulis téh nyaéta ngamimitian nulis karangan, lantaran dina mimiti nulis karangan mah mikabutuh kaparigelan nangtukeun ide atawa gagasan. Tulisan atawa karangan téh kudu dijiwaan ku hiji ide sok sanajan éta ide basajan, lantaran maksud panulis moal

nepi ka pamaca sacara jéntré saupama éta karangan téh euweuh ide pokona. Unggal bagian dina tulisan atawa karangan téh kudu nyoko kana ide poko, boh ngeunaan bahanna boh ngeunaan maksud tujuanna, sarta kudu museurkeun paniten pamaca kana éta ide poko. Ku kituna, kaparigelan nangtukeun ide atawa gagasan dina mimiti nulis téh penting pisan. Salian ti éta, pangaweruh ngeunaan kandaga kecap basa Sunda hususna siswa téh masih kénéh kurang. Éta hal nu ngalantarankeun minat nulis siswa maké basa Sunda téh kurang, sangkan siswa nyangking kaparigelan dina nulis téh mikabutuh pangaweruh ngeunaan unsur-unsur katatabasaan. Ku kituna, pikeun ngarojong kagiatan nulis siswa téh guru anu miboga peran penting dina prosés diajar-ngajar kudu mampuh milih modél pangajaran anu luyu sarta bisa ngahudang minat siswa pikeun nulis.

Sakumaha ébréh dina SKKD Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda tétéla siswa téh dipiharep mampuh nulis pikeun ngébréhkeun pikiran, rasa, jeung kahayang dina wangun puisi, éséy, jeung téks drama (Disdik, 2007, kc. 124). Salasahiji matéri poko nu kudu dikawasa ku siswa dina aspék nulis kelas XII teh nyaéta nulis éséy.

Dumasar hasil observasi kamampuh siswa dina pangajaran nulis, hususna dina nulis éséy téh masih kénéh kurang. Ieu hal katitén tina hasil diajar siswa dina mata pelajaran basa Sunda anu rata-ratana sahandapeun Kritéria Ketuntasan Minimal (KKM), sedengkeun Kritéria Ketuntasan Minimal (KKM) anu kudu dihontal ku siswa dina mata pelajaran basa Sunda téh nyaéta 75.

Ieu hal dilantarankeun ku sababaraha faktor nyaéta salasahijina faktor guru anu can ngawasa kana modél pangajaran anu anyar. Ku kituna, pangajaran nulis hususna nulis éséy téh masih ngagunakeun modél atawa métode anu heubeul. Salian ti éta, faktor nu séjénna nyaéta kurangna pangalaman maca siswa, jeung kurangna motivasi siswa dina diajar basa Sunda. Kamampuh nulis éséy penting dikawasa ku siswa lantaran dina nulis éséy mah siswa kudu ngawasa tatabasa jeung mampuh nangtukeun ide atawa gagasan anu bakal jadi eusi karangan sangkan éta éséy téh hadé dina basana ogé eusina, sarta siswa bisa ngébréhkeun pamadeganna kalwan sistematis jeung ngagunakeun basa anu luyu tur merenah pikeun dibaca ku batur. Kamampuh siswa nulis éséy téh teu bisa dicangking kitu

waé tapi kudu ngaliwatan prosés pangajaran jeung latihan. Ku kituna, guru téh kudu miboga modél, métode, téhnik, jeung média pangajaran anu hadé pikeun ngirut siswa nulis éséy.

Dina ngaronjatkeun kamampuh siswa nulis éséy téh salasihijina guru kudu bisa milih modél pangajaran anu hadé, lantaran dina pangajaran mah anu bisa ngirut minat siswa téh nyaéta pangajaran anu ditepikeun jeung cara ngajar guru. Salasihiji cara ngajar anu bisa ngirut jeung siswa bisa kalibet aktif dijerona nyaéta pangajaran kooperatif. Saperti anu diébréhkeun Kuchak & Eggen dina Isjoni (2013, kc. 18) yén pangajaran kooperatif téh mangrupa strategi pangajaran anu dijerona siswa kalibet aktif pikeun digawé sacara kolaboratif dina ngahontal tujuan. Pangajaran kooperatif téh miboga tujuan pikeun méré kasempetan ka siswa sangkan kalibet aktif dina prosés mikir jeung dina kagiatan diajar. Dina ieu hal puseur pangajaran téh siswa. Salasihiji tipe pangajaran kooperatif anu bisa digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis éséy nyaéta pangajaran kooperatif tipe *Concept Sentence*.

Modél *Concept Sentence* dipilih dina ieu panalungtikan lantaran ieu modél téh bisa leuwih ngamekarkeun pikiran siswa dina nyieun kalimah atawa paragraf tina hiji kecap galeuh anu disadiakeun ku guru kalawan ngagunakeun kaédah tatabasa anu merenah. Salian ti éta, siswa bakal leuwih aktif dina prosés pangajaran.

Hasil panalungtikan anu geus dilakukeun ku Ida Puspita Sari Jurusan Pendidikan Bahasa Indonesia UPI taun 2012 kalawan judul “Peningkatan Kemampuan Menulis Naskah Drama Menggunakan Model Pembelajaran Kooperatif Tipe *Concept Sentence* (Penelitian Tindakan Kelas pada Siswa Kelas VIII A SMP Negeri 2 Lembang Tahun Ajaran 2011/2012)”, nétélakeun yén ngagunakeun model pangajaran kooperatif tipe *Concept Sentence* téh bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa dina mata pelajaran basa Indonesia anu matérina nulis naskah drama.

Nurutkeun panalungtikan anu geus ditétélakeun di luhur ébréh yén pangajaran kooperatif tipe *Concept Sentence* téh hadé digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis. Ku kituna, Dumasar masalah-masalah di luhur,

panalungtik kataji pikeun nalungtik modél *Concept Sentence* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy dina panalungtikan studi kuasi-ékspérimén anu dirumuskeun dina judul “Modél Pangajaran *Concept Sentence* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Éséy (Studi-Kuasi Eksperimen Ka Siswa Kelas XII IPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)”.

1.2 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang anu geus ditepikeun, aya sababaraha hal anu bisa diidéntifikasi nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Kurangna pangaweruh siswa ngeunaan kandaga kecap basa Sunda ngalantarankeun minat siswa dina nulis ogé kurang.
- 2) Dina mimiti prak nulis siswa masih kénéh bingung nangtukeun ide poko tulisan anu bakal jadi puseur éta tulisan, sarta kurangna pangaweruh ngeunaan tata basa, éjahan, diksi, jsb.
- 3) Guru dina nepikeun pangajaran nulis kurang variatif ngagunakeun modél pangajaran, ku kituna kurang ngahudang minat siswa pikeun nulis.
- 4) Pangajaran nulis éséy basa Sunda mangrupa matéri anu dianggap hésé.

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah anu geus ditepikeun, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis éséy siswa kelas XII IPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung Taun Ajaran 2013/2014 saméméh ngagunakeun Modél *Concept Sentence*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis éséy siswa kelas XII IPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung Taun Ajaran 2013/2014 sabada ngagunakeun Modél *Concept Sentence*?
- 3) Naha aya béda anu signifikansi kamampuh nulis éséy siswa kelas XII IPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung Taun Ajaran 2013/2014 saméméh jeung sabada ngagunakeun Modél *Concept Sentence*?

1.4 Tujuan Panalungtikan

1.4.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji atawa ngukur Modél *Concept Sentence* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy siswa kelas XII IPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung Taun Ajaran 2013/2014.

1.4.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis éséy siswa kelas XII IPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung Taun Ajaran 2013/2014 saméméh ngagunakeun Modél *Concept Sentence*;
- 2) kamampuh nulis éséy siswa kelas XII IPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung Taun Ajaran 2013/2014 sabada ngagunakeun Modél *Concept Sentence*;
- 3) béda anu signifikansi kamampuh siswa nulis éséy saméméh jeung sabada ngagunakeun Modél *Concept Sentence* di kelas XII IPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung Taun Ajaran 2013/2014.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

1.5.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa mikanyaho ngaronjat atawa heunteuna kamampuh siswa dina pangajaran nulis éséy ngagunakeun Modél *Concept Sentence* di kelas XII IPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung Taun Ajaran 2013/2014. Hasilna dipiharep bisa ngaronjatkeun kaparigelan guru dina ngagunakeun sarta ngamekarkeun modél pangajaran sangkan pangajaran heunteu monoton. Salian ti éta, dipiharep bisa ngaronjatkeun minat siswa dina nulis éséy kalawan bener tur merenah sarta ngaronjatkeun minat pikeun diajar basa Sunda.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktisna, ieu panalungtikan teh bisa mangpaat pikeun guru, pikeun

siswa, sarta pikeun pamaca.

1) Mangpaat pikeun Guru

Ngajembaran pangaweruh ngeunaan modél pangajaran, sarta bisa jadi alternatif modél pangajaran dina ngaronjatkeun kualitas diajar-ngajar.

2) Mangpaat pikeun Siswa

Bisa jadi modél atawa cara diajar anu ngirut ati sangkan siswa kamotivasi pikeun terus diajar nulis éséy kalawan bener tur merenah.

3) Mangpaat pikeun Pamaca

Dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh, hususna ngeunaan Modél Pangajaran *Concept Sentence*.

1.6 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Bab I mangrupa bab munggaran dina ieu skripsi, anu medar ngeunaan kasang tukang, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II medar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan modél pangajaran *Concept Sentence* jeung nulis éséy. Salian ti éta, dina ieu bab aya asumsi jeung hipotésis anu miboga tujuan pikeun méré anggapan awal kana hasil panalungtikan.

Bab III mangrupa bab anu eusina medar ngeunaan métode panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Eusina ngawengku sumber data, métode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, sarta wangenan operasional.

Bab IV mangrupa bab anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan anu geus dilakukeun. Eusina mangrupa sagemblengna hasil tina panalungtikan anu geus dilakukeun, ngawengku prak-prakan panalungtikan jeung data hasil panalungtikan ngeunaan Modél Pangajaran *Concept Sentence* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Éséy.

Bab V mangrupa bab anu pamungkas anu eusina mangrupa kacindekan

pedaran hasil panalungtikan sarta aya saran anu ditepikeun panulis.

